

## DÉZIÈM CHAPIT

# Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit Bondié-a

### ATIK 7

#### ***« Li gin pou-l rétounin pou-l jijé ni moun k-ap viv, ni moun ki mouri »***

##### **I. « Li gin pou-l rétounin avèk tout pouvoua-li »**

**Kris-la déjà ap kòmandé kòm roua palintémédiè l'Égliz-la...**

668            « Sé pou sa réyèlman Kris-la mouri, li résisité, pou-l kòmandé ni moun  
                ki mouri-yo ni moun ki vivan-yo » (Rm 14, 9). Asansion Kris-la nan sièl-  
         450        la vlé di : nan sa-1 yé kòm moun-nan li patisipé nan puisans ak otorité  
                Bondié-a minm. Jézu-Kri sé Granmèt : li gin tout pouvoua nan sièl-yo ak  
                sou tè-a. Li minm li « anlè tout péyi-roua, pouvoua, otorité ak kòmand-  
                man », paské Papa-a « mété tout bagay anba pié-1 » (Ep 1, 20-22). Kris-la  
                sé Granmèt tout inivè-a (cf. Ep 4, 10 ; 1 Co 15, 24. 27-28) ak istoua-a.  
                Nan li, istoua moun-nan épi tout kréasion-an tou vîn « rétounin gin tèt »  
         518        yo-a (récapitulation) (Ep 1, 10), pouint yo-a ki pi ro-a ki transandan-an.

669            Kòm Granmèt, Kris-la sé Tèt l'Égliz-la tou ki kò-li (cf. Ep 1, 22). Yo  
         792, 1088      lévé-l nan sièl-la épi yo ba li gloua-a, antan konsa li akonpli mision-l nan  
                anplin, li rété nan l'Égliz li-a sou tè-a. Rédanmsion-l nan sé sous otorité  
         541        Kris-la ap égzèsé nan l'Égliz-la pa pouvoua Éspri-Sin-an (cf. Ep 4, 11-  
                13). « Rouayòm Kris-la déjà prez an mistè », nan l'Égliz-la ki  
                « kòmansman épi jèm Rouayòm sa-a sou tè-a » (LG 3 ; 5).

670            Dépi apati Asansion-an, projè Bondié-a antré nan akonplisman-l. Déja  
                1042      nou nan « dènié lè-a » (1 Jn 2, 18 ; cf. 1 P 4, 7). « Déja réyèlman finisman  
                825        sièk-yo rivé sou nou épi rénouvèlman tè-a établi san tounin dèyè épitou li  
                547        antisipé yon sètin fason nan réalité sièk sa-a : réyèlman l'Égliz-la déjà sou  
                tè-a maké ak yon véritab lavi ki sin minmsi li pokò fín apouin » (LG 48).  
                Rouayòm Kris-la déjà ap manifésté prezans-li palintémédiè sign mirak-yo  
                (cf. Mc 16, 17-18) ki akonpagné anons li-a palintémédiè l'Égliz-la (cf. Mc  
                16, 20).

### ... an atandan tout bagay soumèt dévan-l

- 671 Poutan, minm si Rouayòm Kris-la déjà preznan nan l'Égliz li-a, li poko rivé bout « avèk gran pouvoua ak gran gloua » (Lc 21, 27 ; cf. Mt 25, 31) palintèmèdiè Avènman Roua-a sou tè-a. Rouayòm-nan toujou nan konba ak mové puisans-yo (cf. 2 Th 2, 7) minm si viktoua-a déjà ranpôté sou yo nan rasin palintèmèdiè Pak Kris-la. Joustan tout bagay va soumèt anba-l (cf. 1 Co 15, 28), « joustan [...] nouvo sièl-la épi nouvo tè-a, koté jistis-la abité-a, rivé, l'Égliz-la ki an pélérinaj, ap poté nan sakréman-l yo ak institision-l yo, ki fè pati tan sa-a, figi sièk sa-a k-ap pasé-a épi li-minm l-ap viv nan mitan kréatu sa-yo k-ap jémi épi k-ap anfanté tous kounié-a épi k-ap tann révélation pitit Bondié-yo » (LG 48). Sé poutèt sa, krétyin-yo priyé, sitou nan Ékaristi-a (cf. 1 Co 11, 26), pou Kris-la kapab présé rétounin (cf. 2 P 3, 11-12) antan li di-l : « Vini, Granmèt » (1 Co 16, 22 ; Ap 22, 17. 20).
- 672 Kris-la anvan Asansion-l nan té dékläré sé pa-t ko lè pou établi Rouayòm mésianik-la Israël t-ap tann-nan (cf. Ac 1, 6-7) ki t-a doué poté bay moun-yo, dapré Profèt-yo (cf. Is 11, 1-9), lòd définitif jistis-la, rinmin-an ak lapè-a. Tan preznan-an, dapré Grammèt-la, sé tan Éspri-a ak témoagnaj-la (cf. Ac 1, 8), min tou sé tan ki toujou maké ak « nésésité ki la koulié-a » (1 Co 7, 26) li maké tou ak épèv mal-la (cf. Ep 5, 16) ki pa épagné l'Égliz-la (cf. 1 P 4, 17) épi ki inogiré konba dènié jou-yo (cf. 1 Jn 2, 18 ; 4, 3 ; 1 Tm 4, 1). Sé yon tan pou tann épi véyé (cf. Mt 25, 1. 13 ; Mc 13, 33-37).

### Avènman Kris-la nan gloua-a, espérans Israël-la

- 673 Apré Asansion-an, Avènman Kris-la nan gloua-a prêt pou rivé (cf. Ap 22, 20) minm si « nou pa békouin konnin ni tan ni moman Papa-a chouazi ak pròp volonté li » (Ac 1, 7 ; cf. Mc 13, 32). Évenman éskatologik sa-a [ki konséné dènié tan-an] kapab akonpli nan ninpòt ki moman (cf. Mt 24, 44 ; 1 Th 5, 2) minm si « yo kinbé-l », ni li-minm ni épèv final ki pou vîn anvan-l nan (cf. 2 Th 2, 3-12).
- 674 Avènman Mési-a nan gloua-a ki gin pou rivé nan ninpòt moman istoua-a, dépann (cf. Rm 11, 31) dé rékonésans li bò kot « tout Israël » (Rm 11, 26 ; Mt 23, 39) ki gin yon pati nan li ki vîn « avèg » (Rm 11, 25) nan « infidélité-a » (réfizé kouè-a) (Rm 11, 20) aléga Jézu. Sin Piè di Juif-yo Jérusalèm aprè Pantkot-la : « Konsa sé pou nou fè pénitans, sé pou nou chanjé konduit, pou péché nou-yo éfasé ; pou lè tan fréchè-yo rivé vîn sot nan fas Granmèt-la, li voyé sa-a yo té préché nou-an, Jézu-Kri, li-minm sièl-la gin pou-l kinbé tous nan tan y-ap rémété tout bagay nan plas yo-a, sa Bondié té palé nan bouch sin Profèt li-yo dépi lontan-an » (Ac 3, 19-21). Épi sin Pòl fè éko : « Sèké si pati yo pati-a, sa sèvi pou rékonsiliasion tè-a : lè y-ap tounin-an minm, ki sa l-ap yé, si sé pa lavi k-ap soti nan pamì mò-yo ? » (Rm 11, 15). Lè Juif-yo ap antré « anplin » (Rm 11, 12)

nan sové Mési-a sové nou-an, apré payin-yo antré « anplin » (Rm 11, 25 ; cf. Lc 21, 24), sa ap bay Pèp Bondié-a pou-l réalisé « Kris-la anplin » (Ep 4, 13), sé la « Bondié ap tout bagay nan tout moun » (1 Co 15, 28).

### Dènié épèv l'Égliz-la

675 Anvan Avènman Kris-la, l'Égliz-la doué sibi épèv final-la k-ap  
 769 sékoué lafoua anpil moun ki kouè (cf. Lc 18, 8 ; Mt 24, 12). Pèsékision ki akonpagné pélérinaj-li sou tè-a (cf. Lc 21, 12 ; Jn 15, 19-20) ap dévoualé « mistè péché-a » anba fòm yon rélijion k-ap tronpé moun-yo antan-l fè sanblan poté yon solision problèm-yo antan yo pégé sa nan rénié vérité-a. Tronpri rélijié sa-a k-ap pi ro-a sé sa Anti-Kris-la ap fè-a, sètadi, yon mòd fo-mésianism koté moun-nan pral bay pròp tèt-li gloua nan plas Bondié ak Mési-l la ki té vini nan chè-a (cf. 2 Th 2, 4-12 ; 1 Th 5, 2-3 ; 2 Jn 7 ; 1 Jn 2, 18, 22).

676 Tronpri anti-Kris sa-a déjà fè ouè tras li sou tè-a chak foua y-ap éséyé  
 2425 akonpli espérans mésianik-la nan istoua-a, alòské li pa kapab réalisé si sé pa pi louin pasé istoua-a nan jijman éskatolijik-la (jijman dènié-a) : l'Égliz-la té réjté mòd falsifikasyon sa-a ki gin pou vini-an, sa yo rélé milénarism, minm anba fòm ki sanblé adousi, (cf. DS 3839), sitou anba fòm yon politik mésianik k-ap suiv sièk-la épi ki « pèvèti intrinsèkman » (cf. Pie XI, enc. "Divini Redemptoris" ki t-ap kondané « fo-mistik »-la k-ap « fè sanblan rachté pòv-yo » ; GS 20-21).

677 L'Égliz-la pap antré nan gloua Rouayòm-nan si sé pa palintèmèdiè  
 1340 dènié Pak sa-a, koté l-ap suiv Granmèt li-a nan lanmò-l la ak nan Réziréksion-l nan (cf. Ap 19, 1-9). Sé poutèt sa, Rouayòm-nan pap akonpli palintèmèdiè yon trionf istorik l'Égliz-la (cf. Ap 13, 8) dapré avansman yon progrè, min palintèmèdiè viktoua Bondié sou dènié frap mal-la (cf. Ap 20, 7-10) k-ap fè Épouz li-a désann sot nan sièl-la (cf. Ap 21, 2-4). Trionf Bondié sou révolté mal-la ap pran fòm nan dènié Jijman-an (cf. Ap 20, 12) apré dènié boulvèzman kosmik invè sa-a k-ap pasé-a (cf. 2 P 3, 12-13).

1038-1041

### II. « Pou-l jijé ni moun k-ap viv ni moun ki mouri »

678 Apré Profèt-yo (cf. Dn 7, 10 ; Jl 3-4 ; Ml 3, 19) ak Jan-Batis (cf. Mt 3, 7-12), Jézu anonsé nan prèch li-a Jijman dènié jou-a. Lè sa-a konpòtman lavi chak moun ap parèt nan limiè (cf. Mc 12, 38-40) épi sékrè kè-yo (cf. Lc 12, 1-3 ; Jn 3, 20-21 ; Rm 2, 16 ; 1 Co 4, 5). Lè sa-a y-ap kondané sa-k réfizé kouè-a ki konsidéré kòm anyin lagras Bondié té ofri-l la (cf. Mt 11, 20-24 ; 12, 41-42). Dispozision parapò a prochin-an ap révélé si moun-yo aksépté oubiyin réjté lagras ak rinmin Bondié-a (cf. Mt 5, 22 ; 7, 1-5). Jézu ap di nan dènié jou-a : « Chak foua nou té fè sa pou youn nan pi piti nan frè-m sa yo, sé pou mouin minm nou té fè-l » (Mt 25, 40).

679 Kris-la sé Granmèt lavi pou tout tan-an. Jijman définitif osijè travay ak kè moun-yo sé li-minm ki gin doua sa-a anplin poutèt li sé Rédanmtè tè-a. Li vîn gin doua sa-a gras a koua-l la. Papa-a tou « rinmèt Pitit-la tout jijman-an » (Jn 5, 22 ; cf. Jn 5, 27 ; Mt 25, 31 ; Ac 10, 42 ; 17, 31 ; 2 Tm 4, 1). Pitit-la minm pa-t vini pou-l jijé, min pou-l sové (cf. Jn 3, 17) épi pou-l bay lavi ki nan li-a (cf. Jn 5, 26). Palintèmèdiè réjè lagras-la nan lavi sa-a, chak moun déjà jijé pròp tèt-li (cf. Jn 3, 18 ; 12, 48), li résévoua dapré travay li-yo (cf. 1 Co 3, 12-15) épitou li kapab minm kondané pou tout tan antan-l réjté Éspri rinmin-an (cf. Mt 12, 32 ; He 6, 4-6 ; 10, 26-31).

1021

**RÉZIMÉ**

680 *Kris Granmèt-la déjà ap kòmandé kòm Roua palintèmèdiè l'Égliz-la, min tout bagay-yo sou tè sa-a poko soumèt ba li. Trionf Rouayòm Kris-la pap rivé san yon dènié frap puisans mal-yo.*

681 *Nan jou Jijman-an, alafin mond sa-a, Kris-la ap vini nan gloua pou-l akonpli trionf définitif byin-an sou mal-la, ki t-ap grandi ansanm nan déroulman istoua-a tankou fol-avouànan ak bon blé-a.*

682 *Kris-la ki nan gloua-a, antan l-ap vini nan finisman tan-yo pou-l jijé ni moun k-ap viv ni moun ki mouri-yo, ap révélé dispozision sékrè kè-yo épi l-ap bay chak moun dapré travay yo épi dapré fason yo té aksépté oubyin réjté lagras-la.*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénral-la](#)

[Atik▶  
apré-a](#)